

**Yon lèt Chanselye Joel I. Klein voye  
ba paran yo**

**Lotòn 2007**

Chè paran elèv vil Nouyòk,

M ap ekri w pou m enfòme w osijè mezi enpòtan n ap pran pou garanti lekòl ou a ak Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) gen responsablite aprantisaj pitit ou a ak pwogrè li lekòl.

Fanmi ki byen enfòme se yon gwo fòs pou fè lekòl yo vin pi bon. Lè fanmi yo konnen pitit yo pa p aprann mezi bagay yo kapab, yo mande pou lekòl yo amelyore oswa yo chèche lekòl ki pi bon. Antank paran, ou vle konnen : “Nan ki pwen pitit mwen an ap aprann? Kouman li ka pwogrese? Kisa lekòl li a ap fè pou pèmèt li pwogrese? Kouman mwen ka swiv pwogrè li? Kouman mwen ka ede?”

Nou mete anplas zouti pou ede w reponn kesyon sa yo, e pou amelyore jan chak timoun ap aprann nan lekòl piblik nou yo. Nan anvlòp sa a, w ap jwenn enfòmasyon sou zouti sa yo, tankou :

- Yon bwochi k ap dekri “Kat fason pou evalye lekòl pitit ou a, e amelyore edikasyon pitit ou a”
- Rezilta Sondaj sou anviwònman aprantisaj lekòl pitit ou a pou ane akademik 2006/07, ki rapòte repons paran yo, elèv yo, ak pwofesè yo bay prentan dènye konsènan kondisyon aprantisaj yo nan lekòl yo.
- Rapò sou pwogrè lekòl pitit ou a pou ane akademik 2006/07 (pou lekòl primè, lekòl presegondè, e pou lekòl ki genyen Jadendanfan jiska Klas 8yèm ane; akòz pwoblèm tan pou reyinyon paran-pwofesè pou lekòl segondè yo, Rapò sou pwogrè onivo lekòl segondè yo ap alapòte w nan lekòl ou a ak sou sit wèb DOE a nan yon ti bout tan; nouvo lekòl yo oswa lekòl n ap pran mezi pou fèmen ofiyamezi yo ka pa gen yon Rapò sou pwogrè)
- Gen tradiksyon oswa gid pou tradiksyon chak dokiman nan lang moun plis pale lakay yo apa lang angle, pou moun sa yo ki bezwen yo


Epitou, lane pase, yon edikatè ki gen eksperyans te evalye lekòl pitit ou a pou wè nan ki pwen yo òganize l pou amelyore aprantisaj elèv. Si w ta renmen li Rapò sou kontwòl kalite onivo lekòl pitit ou a, tanpri pale avèk Koòdonatè paran an, oswa swiv eksplikasyon nan bwochi ki vini ansanm ak lèt sa a pou w jwenn rapò a sou Entènèt.

Zouti sa yo ki la pou detèmine responsablite se yon majè pati nan responsablite Majistra a ak Lalwa Timoun Dabò a pou bay direktè, pwofesè, ak paran enfòmasyon yo bezwen pou amelyore aprantisaj elèv, e pou fè mwenmenm ak rès moun nan DOE pran responsablite yo anvè w, san eskiz, si pitit ou a pa rive aprann.

Si w ta vle poze kesyon oswa fè kòmantè, kontakte mwen nan adrès Joel I. Klein,  
52 Chambers Street, New York, NY 10007 oswa voye yon imèl ba.

[childrenfirst@schools.nyc.gov](mailto:childrenfirst@schools.nyc.gov)

Ak senserite,



Joel I. Klein  
Chanselye